buleen toog ci kaw bàmmeel yi, te buleen ko jublu ci julli

Jële na ñu ci Marsad Al-Xanawii -yalna ko Yàlla gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «buleen toog ci kaw bàmmeel yi, te buleen ko jublu ci julli».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tere na toog ci kaw bàmmeel. Niki mu teree julli jublu ci bàmmeel, bàmmeel bi nekk ci wetu penku kiy julli; ndax loolu daa bokk ci yiy yóbbe ci bokkaale yi.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/10647

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee